menen aldıńǵılarınan ajralıp turadı hám ekinshi signal sisteması - sóylew, pikirlew, oylaw menen process hám hádiyselerdi analiz etiwge hám olardı ulıwmalastırıwǵa tiykarlanadı.

Álemdi, bolmıstı, hádiyselerdi hám processlerdi qabıl etıwdegi bunday ayırmashılıqlardıń dáslepki kórinisleri eń dáslep mektepke shekemgi jastaǵı balalarda kórinetuǵın bpla baslaydı. Sol sebepli de áyne balalardı qaqıl etiw tipi kórkem yamasa oylawına qaray olarda dúńyaǵa kózqaras boyınsha dáslepki túsiniklerdiń elementlerin qáliplestiriw zárúrli pedagogikalıq áhmiyetke tiyisli másele.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarda olardıń estetikalıq túsinikleri, bilimleri tiykarında dúńyaǵa kózqarastı qáliplestiriwdiń túrli formaları bar. Olardan súwretleytuǵın kórkem ónerdi kórkem óner túri ekenligin, ol jaǵdayda arnawlı bir mazmun hám mánis bar ekenligin oyda sawlelendiriw, ańǵarıw birinshi tárepi bolıp, súwretleytuǵın kórkem ónerdiń túrlerinen reńli súwretlew, grafika, músinshilik bar ekenligin, olardıń bir-birlerinen ayırmashılıǵınıń elementar belgilerin ajrata alıw ekinshi tárep, onıń hár bir turiniń óz baǵdarı tábiyat kórinisi, portret, natyurmort, batal, xojalıq, animalistik bar ekenligin biliw hám arnawlı bir shıǵarmanı qaysı jóneliske tiyisli ekenligin ajrata biliw úshinshi tárep bolıp tabıladı. Bulardıń barlıǵı belgili sistemadaǵı bilimler kompleksin xarakteristikalaydı.

Joqarıda keltirilgen juwmaqtı ulıwma tárepten dawam ettirgen halda áyne biziń izertlewimiz kózqarasınan qaraǵanda súwretleytuǵın kórkem ónerdiń reńli súwretlew túriniń tábiyat kórinisi janrında jıl mawsimleriniń súwreti járdeminde júzeki qaraǵanda áyne onıń reńi arqalı tábiyat kórinisin qaysı máwsimge tiyisli ekenligin ańǵarıw múmkin. Bul sırtqı ózgeshelik. Jıl máwsimlerin almaslaw tártibi onıń ishki mazmunın, yaǵnıy reńler artına jasırıngan mazmundı biliwge úyretedi. Bala tábiyat hám álemniń almasınıwı haqqındaǵı obyektiv nızamlıqtı ańlap baradı. Bul estetikalıq qıyallardıń shártli túrdegi sırtqı ózgesheligi bolıp ulıwma bala shaxsın rawajlandırıw, onıń dúnyaǵa kóz qarasınıń qáliplesiwinde shártli túrde ishki ózgesheliktegi áhmiyetin taǵı bir márte aytıp otedi.

**Ádebiyatlar**


1. Ózbekiston Respublikasining «Kadrlar tayorlash milliy dasturi» // Barkamol avlod – Ózbekiston taraqqıyotining poydevori. – T.: «Ózbekiston».
2. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 16-dekabrdagi O‘RQ-595-son “Maktabgacha ta’lim va tarbiya to‘g‘risida”gi Qonuni.- Qonun hujjatlari ma’lumotlari milliy bazasi.17.12.2019-y,03/19/595/4160-son.
3. Bolalar boǵchasida estetik tarbiya. N. A. Vetlugina tahriri ostida. –T.: “Óqituvchi», 1981. 208- b.
4. Munavvarov A. Oila pedagogikasi. – T.: «Óqituvchi», 1994. 150-b.
5. Inomova M. Oilada bolalarning-ma’naviy ahloqiy tarbiyasi. –T.: 1999.
6. Крутос В. П. Эстетические аспекты формирования характера личности. – В кн.: Формирование системы эстетического воспитания: Матер. симпозиума. – М.: 1983.



**REZYUME.** Maqolada maktabgacha yoshdagi bolalarda estetik tushunchalarni shakllantirish ijtimoiy-pedagogik muammo sifatida ko'rib chiqiladi. Oila tushunchasining mohiyatini, estetik tarbiya va oilada shaxsning ma’naviy kamolotini ochib beradi. Maqola oilada ma’naviyat va axloqni yuksaltirish, oilada bolalarga estetik tarbiya berish samaradorligini oshirish muammolarini o‘rganishga bag‘ishlangan bo‘lib, bu o‘z xalqi madaniyati va umuminsoniy qadriyatlarga qo‘shilish imkonini berdi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья рассматривает вопросы формирование у детей дошкольного возраста эстетических понятий, как социально педагогическая проблема. Раскрывает сущность понятия семья, эстетическое воспитание и духовное развитие личности в семье. Статья посвящена изучению проблемы воспитание духовности и нравственности в семье, повышение эффективности эстетического воспитания у детей в семье, что предоставило возможность приобщаться к культуре своего народа и общечеловеческих ценностей.

**SUMMARY.** The article considers the formation of aesthetic concepts in preschool children as a social and pedagogical problem. Reveals the essence of the concept of family, aesthetic education and spiritual development of the individual in the family. The article is devoted to the study of the problem of raising spirituality and morality in the family, increasing the effectiveness of aesthetic education in children in the family, which provided an opportunity to join the culture of their people and universal human values.


# TALABALARǴA ÁMELIY JUMISLARDI ORINLAWDA QOLLANILATUǴIN INTERAKTIV USILLAR HAQQINDA MAǴLIWMATLAR


**S.Qazaxbaev –** *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** uslub, interfaol, pedagogik jarayon, pedagogika texnologiya, ko‘nikmalarni shakllantirish, boshqarish, maqsad.

**Ключевые слова:** метод, интерактив, педагогический процесс, педагогическая технология, формирование навыков, организовать, цель.

**Key words:** method, interactive, pedagogical process, pedagogical technologies, forming skill, organize, aim.


Búgingi kúnde ǵárezsiz rawajlaniw jolınan baratırǵan mámleketimizdiń úzliksiz bilimlendiriw sistemasın keń jaydırıw, jańa sıpat basqıshına kóteriw, oǵan aldıńǵı pedagogikalıq hám texnologiyaların engiziw hám bilimlendiriwdiń nátiyjeliligin asırıw mámleket dárejesine kóterildi. Dúnyanıń tez pát penen globallasıp rawajlanıp baratırǵanlıǵı ayrıqsha axborot áleminiń keńnen en jayıp baratırǵanlıǵı basqa tarawlar sıyaqlı tálim-tárbiya procesine de óz tasirin tiygizbekte. Globallasıw dáwiriniń internetke uqsas eń tez hám nátiyjeli quralları jaslardı ózine sonshelli tarta aldı, nátiyjede, bilimlendiriw orınlarındaǵı ápiwayı hám awızeki sabaqlardı tez pát penen innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalar menen jedellestiriw zárúrliligin kún tártibiniń eń áhmiyetli wazıypasına aylandırdı. Atap aytqanda, ulıwma bilim beriw mekteplerinde alıp barılıp atırǵan hár bir sabaq eń jaqsı pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında shólkemlestiriw oqıtıw nátiyjeliligin sezilerli dárejede ósiwine alıp kelmekte. Búgingi kúnde bilimlendiriw baǵdarında qánigeler tárepinen islep shıǵılıp, ámeliyatqa qollanıwǵa usınılıp atırǵan innovaciyalıq texnologiyalardan eń qolaylı hám nátiyjelilerinen biri bul mashqalalı oqıtıw texnologiyaları esaplanadı.

Interaktiv oqıtıw-biliw iskerliginiń arnawlı forması. Ol anıq hám boljawlı maqsetke iye. Usınday maqsetlerdiń biri oqıw processine qolaylı jaǵday jaratıw bolıp tabıladı. Sonda oqıwshı óziniń jetiskenligin, intellektual dárejesin sezinedi. Bilim alıw waqtındaǵı oqıwshılardıń birgeliktegi iskerligi, oqıw materialların ózlestiriwi hár bir adam óz jeke úlesin qosatuǵın, bilim hám pikir almasıwın kórsetedi.

Shaqırıq-pikirlew-oylaw fazalarında bir neshe onlaǵan usıllar, sonıń ishinde interaktiv usıllar bar:

1. Shaqırıq: Mashqalalı sorawlar, oylanıń (jup-juptan bóliniń), Aqıl hújimi, klaster, Erkin xat t.b.
2. Mazmunǵa sáykes pikirlew: «Avtorǵa soraw»; «Bilemen, bilmekshimen, bildim»; «Eki tárepli kúndelik»; «Jarǵı», «Insert», «Pikir talası» t.b.
3. Oylaw (refleksiya): «Sinkveyn»; «Jarǵı-2»; «Úsh basqıshlı intervyu; «Maǵan sońǵı sóz beriń» t.b.

Házirgi zaman bilim beriw usıllarınıń klassifikaciyası

I. Oqıw maǵlıwmatların túsiniw, bilimlerdi bekkemlewge xızmet etetuǵın percivtiv (ózlestiriw) processin támiyinleytuǵın usullar:

-lekciya, gúrriń, tusindiriw;

-kórsetpelilik, illyustraciya, video usıl.

II. Oqıw maǵlıwmatları ózlestiriw, sińdiriw, bekkemlewge xızmet etetuǵın reproduktiv (aktivlikti shólkemlestiriw) oqıtıwshınıń tikkeley basshılıǵında oqıwshılardı iske salıw usılları:

-kitap penen islesiw;

-laboratoriya jumısları;

-shınıǵıwlar

III. Bilimlendiriwge dodalaw (talqılaw) hám rawajlandırıwshı xarakter beriwshi, oqıwshılardıń ónimli iskerligin támiyinlewge xızmet etetuǵın usıllar:

-oqıw sáwbeti;

-kópshilik penen sáwbet;

-pikir tartısı (diskussiya);

-aqıl hújimi;

-isbilermenlik yaki rolli oyınlar;

-pinbard

IV. Oqıw mashqalaların túsiniw, dodalaw, óz betinshe bilim alıwdı arttırıwǵa

xızmet etetuǵın usıllar:

-mashqalalalı tapsırmalar usılı:

-jeke ámeliy usullar:

-proektler usılı.

**«Sinkveyn» metodı**

Sinkveyn haqqında qısqasha maǵlıwmat: -Sinkveyn bes qatarlı taqmaq degendi ańlatadı. Lekciya boyınsha alınǵan bilimdi qısqasha rezyume beriw qábiletinde studentlerde túsinik payda etiwde járdem etedi. Studentte tereń túsiniklerge tiykarlanǵan halda refleksiya qılıwdı talap etedi. Sinkveyn materialdı, maǵlıwmattı qısqa pikirlerde sintezlewdi talap etetuǵın taqmaq. Sinkveyndi jazıwǵa qoyılatuǵın qaǵıydalar.

1. Birinshi qatarda tema bir sóz járdeminde sáwlelenedi.
2. Ekinshi qatarda temanı eki sózdiń járdeminde sáwleleniwi.
3. Úshinshi qatarda berilgen tema kóleminde háreketti úsh sóz arqalı sáwlelendiriw.
4. Tórtinshi qatarda temaǵa qatnasın bildiretuǵın tórt sózden ibarat bolǵan gápti keltiriw kerek.
5. Besinshi qatarda temanıń mazmunın ashatuǵın bir sózden ibarat bolǵan birinshi sózdiń mánisin keltiriw kerek.

**«Sinkveyn metodı»**

Qalay islew kerek?

Atama (áddette so'z) ádebiyat

Háreket (áddette úsh sóz) lirika, epika, drama

Seziw (fraza) Kórkem ádebiyattıń janrlıq ózgesheligi.

Tiykardı qaytalaw

Sinkveyndi dúziw studentler tárepinen, birinshiden, quramalı maǵlıwmattı sintezlew instrumenti, ekinshiden, olardıń túsinikler apparatın bahalaw metodı, úshinshiden, kórkemlik jaqtan táriyplew metodı paydalı [1:116].

**«Klaster» metodı**

«Klaster» metodı haqqında maǵlıwmat. Berilgen tema boyınsha studenterge erkin hám ashıq túrde pikirlewge imkan tuwdırıwshı pedagogik strategiya. Ol oylaw iskerligin stimullastırıw ushın qollanıladı. Belgili tema boyınsha túsinikke iye bolıwı ushın studentlerdiń ózleriniń individual bilimlerine múnásibetin kórsetiwshi strategiya.

Klasterdi dúziwge qoyılatuǵın talaplar:

-berilgen temanıń mazmunına haylanıslı túsinik haqqında sanamızǵa kelgen barlıq maǵlıwmattı jazamız (olardın sıpatın esapqa almaǵan halda).

-maǵlıwmatlar arasında imkanı bolǵanınsha kóp baylanıslılıqtı kórsetiwge háreket qılıw kerek [1:117].

**«Insert» strategiyası**

«Insert» strategiyasın qollanǵan sabaq waqtında berilip atırǵan studentlerdiń ózlestirgenligin interaktiv belgiler sistemasın paydalanıw járdeminde anıqlaw ushın qollanıladı. Bul strategiyanı qollanıw studentlerge tekst penen islewdiń effektivliligin, oylanıp oqıwdı, eski material menen jańası menen baylanıslılıǵın kórsetiw qábiletin asıradı.

Insert strategiyasınıń belgiler sisteması tómendegidey kóriniske iye bolıwı

shárt: «V» -belgisi talabalar aldın bilgen mazmunǵa qoyıladı.

«-«-(minus) belgisi talabalardıń' alǵan maǵlıwmatı, alǵan bilimlerine qarsı mazmunǵa qoyıladı.

«+»-(plyus) belgisi talabalar ushın jańa bolǵan mazmunǵa qoyıladı.

«?»-(soraw) belgisi talabalar ushın qosımsha maǵlıwmattı talap etetuǵın mazmunǵa qoyıladı.

**«Insert» strategiyası**

Insert strategiyasın qollanǵanda birinshi qádem retinde kórsetilgen tema boyınsha «Miyge hújim» júrgiziledi, ekinshi qádem retinde berilgen mazmundı belgilerdi qollanıw járdeminde individual oqıw talap etiledi, úshinshi qadem retinde «miyge hújim» tiykarında alınǵan nátiyjeni oqıw tiykarında alınǵan mazmunı menen baylanısta analizlew alıp qaraladı, tórtinshi qádem retinde alınǵan maǵlıwmattı «Insert» tablicası túrinde sistemalastırıw kerek [1:118].

Tablica «Insert»

**«Eki bólimli kúndelik» metodı**

«Eki bólimli kúndelik» metodın qollanıw sabaq sońında on bes minut dawamında studentlerden ótilgen material boyınsha ózlerininiń pikirlerin jazıw talap etiledi. «Eki bólimli kúndelik» metodı studentlerde informaciyalıq operaciyalıq qásiyetlerin rawajlandıradı.

Bul metodın qollanıw boyınsha metodikalıq kórsetpeler:

Birinshi qádem-dápter beti ekige bólinedi.

Ekinshi qádem-student lekciyada ózine bir qansha dárejede tásir etken (jaqqan yaki belgili dárejede sawal tuwdırǵan) pikirlerdi oqıtıwshılardıń ideyaların dápterdiń shep tárepine jazadı.

Úshinshi qádem- dáplerdiń oń tárepine student berilgen pikirlerge óz túsiniklerin jazadı.

Tórtinshi qádem- lekciyanı oqıp kórip studentler óz pikirlerin jazadı. Besinshi qádem- jumıstıń sońında studentlerdiń hár biri ózleriniń pikirleri menen basqalarǵa tanıstırıwǵa haqılı olardaǵı ózlerine jaqqan ideyalardı kórsetiwi múmkin [1:105].

**«Sholıw (Sharq) kartası» metodı**

Studentler jazba túrinde, lekciyanıń sońında ótilgen materiallar boyınsha «sholıw kartasın» islep shıǵıwı shárt. Bir bet qaǵazǵa talabalar tómendegi úsh punkt boyınsha óz pikirlerin jazıwı shárt.

1. Lekciyanıń eń áhmiyetli bólegin bólip kórsetiwi shárt.
2. Lekciyanıń tema boyınsha bir mashqalanı alıp túsindiriwi shárt.
3. Lekciya boyınsha ulıwma túsinik beriliwi shárt.

**«Kategoriyalıq sholıw» uslubı**

Bul uslub talabalarda informaciyalıq, operaciyalıq qábiletlerin rawajlandıradı.

Kategoriyalıq sholıwǵa kórsetpeler: birinshiden, talabalar berilgen tema boyınsha tiykarǵı ideyalardı qaǵazǵa jazıwı shárt, ekinshiden alınǵan maǵlıwmattı ulıwma belgilerge tiykarlanǵan halda birlestiriwshi kórsetilgen ideyalardıń ishinen eń tiykarǵı dáliyllengen ideyalardı bólip alıw kerek, úshinshiden alınǵan ideyalardı, maǵlıwmattı lekciyanıń tiykarǵı kategoriyalarına tiykarlanıp sistemalastırılıwı kerek.

## Ádebiyatlar

1. Azizxodjaeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. –Toshkent: 2006.
2. Sultanov B., Tilegenov A., Baynazarov F. Yangi pedagogic texnologiya asoslari. –Toshkent: 2007.

**REZYUME.** Maqolada chet tili darslarida interfaol usullardan foydalanishning ahamiyati haqidagi fikrlar berilgan. Bugungi kunda o‘qituvchi va talabaning dars jaroyonidagi o‘rni haqida ma’lumot berilgan. Muallif ulug‘ olimlar fikrlaridan misollar keltirgan. Maqolada oldindan rejalashtirilgan darsning mohiyati nimadan iborat bo‘lishini ko‘rsatgan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена использованию интерактивных методов на занятиях по иностранному языку. В статье определена задача преподавателя в формировании умений применять определённую стратегию, тактику и методы на отдельных этапах творческой деятельности. В качестве примеров автор приводит высказывания различных учёных и мыслителей. В статье особо выделяется заранее запланированное преподавателем занятие.

**SUMMARY.** The article deals with the use of interactive methods at the foreign lessons. The author determines the foreign lessons. The author determines the teacher's task in formation of habits to use certain strategy, tactics and methods at different stages of creative activity. The author gives the quotations of different scholars.

## TÁLIM BASQA TILLERDE ALÍP BARÍLATUǴÍN KLASLARDA ÁDEBIY MATERIALLARDÍ OQÍTÍW METODIKASÍNÍŃ IZERTLENIWI

**G.A.Mambetova –** *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: davlat tili, davlat tili tarkibidagi adabiy materiallar, adabiyot o'qitish metodikasi, obyekti, predmeti, tadqiqot ishlar.

**Ключевые слова**: государственный язык, художественные материалы по предмету государственного языка, методика преподавания литературы, обьект, предмет, научно-исследовательские работы.

**Key words**: state language, art materials on the subject of the state language, methods of teaching literature, object, subject, research work.

Ádebiyat oqıtıw metodikasınıń izertleniw tariyxı haqqında sóz juriter ekenbiz, daslep bul pánnin pán sıpatındaǵı ornı, obyekti,predmeti, maqseti hám wazıypaları jóninde toqtalıp ótiw orınlı. Búgingi ilim texnikanıń jedellik penen rawajlanıw zamanında, insanlardıń ásirese jas awladtıń júreginde jaqsılıq hám jamanlıq, qıyanet hám sadıqlıq, aq penen qara, menmenlik hám saqıylıq, bir-birewge mehir-múriwbet, ata-anaǵa, tuwǵan-tuwısqanǵa muxabbat, watanga muxabbat ideyaların sińdiriwde ádebiyattıń tutqan ornı júdá ayrıqsha bolıp esaplanadı. Ádebiyattanıw óz aldına pán sıpatında ádebiyat tarıyxı, ádebiyat teoriyası, ádebiy sın máseleleri menen shuǵıllansa, pedagogika bala tárbiyası mászelelereleri menen shuǵıllanatuǵını málim. Degen menen bul eki pán de úzliksiz tálim beriw barısında ádebiyattan neni hám qalay oqıtılıw kerek ekenligin sheship bere almaydı [1:7]. Solay eken, ádebiyat oqıtıw metodikası páni ádebiyat sabaqlıǵında berilgen materiallardı oqıtıwshınıń oqıwshıǵa qalay jetkerip beriw, oqıtıw, tusındiriw, obrazlardıń ashılmaǵan qırların oqıwshınıń ózi asha alıw qábıletin tárbiyalaw, ádebiyattıń kózge kórinbes názik sırların oqıwshını taba alıwǵa úyretiwshi áhmiyetli pán.

Ádebiyat oqıtıw metodikası pedagogikalıq pánler sistemasına kiretuǵın bolsa da, ilimniń óz aldına túri bolıwı ushın qoyılatuǵın ush talaptıń bárshesine juwap beredi. Birinshiden, ádebiyat oqıtıw metodikası úyrenetuǵın taraw ilimdegi birde-bir oqıw páni tárepinen úyrenilmeydi. Ekinshiden usı pán isleytuǵın taraw, yaǵnıy ádebiyat sabaqlarında kórkem shıǵarmalar úyretiliwiniń optimal hám nátiyjeli jolların izertlew, ádebiy tálimniń teoriyalıq negizlerin islep shıǵıw úlken sociallıq áhmiyetke iye. Úshinshiden, ádebiyat oqıtıw metodikası páni ózine tan ilim izertlew metodlarına iye [1:11].

Demek, ádebiyattı oqıtıw metodikası páni óziniń obyekti, predmeti, maqset hám wazıypaları, ilim izertlew metodlarına iye. Ádebiyattı oqıtıw metodikası páninin obyekti sıpatında, albette, bilimlendiriw tarawindaǵı, uzliksiz tálim processindegi ádebiyat sabaqların alıwımızǵa boladı, al predmeti sıpatında usı tálim barısında ádebiyattı oqıtıwdaǵı alıp barılatuǵın metodlar, kórsetpeli qurallar ádebiyattı oqıtıwdıń nızamlıqları hám en tiykargısı sabaq ótiw barısında, kórkem shıǵarmanı úyreniw processinde oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı múnasibetlerdi kórsetiwimiz orınlı. Ádebiyattı oqıtıw metodikası pániniń wazıypaları sıpatında eń daslep ádebiyattıń basqa pánlerden ayırmashılıǵı, ádebiyattı oqıtatuǵın qánigelerimizde ádebiy tálim beriwde qollanılatuǵın eń nátiyjeli metodlardı paydalanıw kónlikpelerin qalıplestiriw hám rawajlandırıw, ádebiy tálimde búgingi rawajlanıw procesine say tárizde optimal hám novatorlıq penen jantasıw jolların qálıplestiriw, ádebiyat sabaqlarında tálim beriwshi hám úyreniwshi ortasındaǵı múnásibettegi ózine tan ózgesheliklerdi úyretiw máselelerin belgilewimizge boladı.

Ádebiyattı oqıtıw metodikasınıń mazmunı sıpatında bilim beriw túrleri, oqıtıw metodları, sabaq formaları hám olardın ózine tán ózgeshelikleri kórkem shıǵarmalardıń túrleri hám olardıń teoriyalıq hám ámeliy túsınikleri, kórkem shıǵarmanıń didaktikalıq áhmiyeti, kórkem shıǵarmanı tallaw, kórkem tekst penen islew procesinde oqıtıwshı hám oqıwshınıń iskerligin, wazıypaların durıs shólkemlestiriw jolların óz ishine qamtıydı.

Biz maqalamızda sóz etpekshi bolıp otırǵan tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń metodikasın úyreniw barısında ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha rus, ózbek, tatar, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha izertlengen metodistlerdiń ilimiy miynetleri menen tanısıp shıqtıq. Rus ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń izertleniwinde Bogdanova O.Yu Leonova S.A, Golubkov V.V, Chertova V.F, Stepanov G.V, Rıbnikova M.A h.t.basqalardıń ornı girewli.

Rus ádebiyatı metodistleriniń biri V.V.Golubkovtıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası"[2] miynetinde ádebiy bilim beriwdiń ulıwma didaktikalıq usılların, oqıtıwdıń teoriyalıq tiykarların anıqlap, klassikalıq shıǵarmalardı oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıw máselelerin tereń izertlep, bul miynet sabaqlıq sıpatında pedagog alımlardıń, metodistlerdiń, mektep oqıtıwshılarınıń basshılıqqa alatuǵın metod qollanbası sıpatında óz ornına iye.

Bogdanov O.Yu, Leonov S.A, Chertov V.F "Ádebiyattı oqıtıw metodikası teoriyası"[3] miynetinde zamanagóy metodika iliminiń teoriyalıq máseleleri, mekteplerde ádebiyattı oqıtıw basqıshları, kórkem shıǵarmanı túsiniw hám talqılawdıń óz-ara baylanısı, ádebiyatta klastan tıs shıǵarmalar h.t.b bir neshe bólimlerge bólip úyrenilip, atı atalǵan ilimiy-teoriyalıq jaqtan tiykarlap berilgen.

Ózbek ádebiyattanıwında metodikanıń rawajlanıwına óziniń úlesin qosqan alımlardıń biri Qazaqbay Yuldoshev "Ádebiyattı oqıtıwdıń ilimiy-teoriyalıq tiykarları"[4] miynetinde ádebiyattı oqıtıw sistemasın túpten jańalaw, ádebiyattı oqıtıwda oqıwshılarǵa tayar túsinikler beriwdiń ornına, kórkem tekst tiykarında oqıwshılardıń kózqarasların rawajlandırıw, estetikalıq talǵamdı payda etiw eń tiykarǵı másele ekenligi dáliyllenedi. Ol ádebiyattı oqıtıwda ádebiy bilim beriwdiń tiykarǵı máselelerine jańasha jantasıw úlgisin kórsetip, "…jańa sociallıq ańlaw talapları dárejesinde shólkemlestiriwdiń principlerin belgilew pedagogika teoriyası ushın da, ádebiyat oqıtıw metodikası ushın da, tárbiya ámeliyatı ushın da keshiktirip bolmaytuǵın zárúrlik"[4] ekenligin ayrıqsha qaytalap ótiwi ádebiyat oqıtıwdı jańalawdıń zárúrli máselelerin kózde tutadı. Miynette usı sıyaqlı máseleler teoriyalıq hám ilimiy-metodikalıq jaqtan izertleniw menen birge, oqıtıwshılar ushın paydalı bolǵan shıǵarmalarǵa tallawlar keltiriledi.

Belgili alım B.Tuxlievtıń "Ádebiyattı oqıtıw metodikası"[5] miyneti pedagogika universitetleri hám institutlarınıń filiologiya qánigeligi studentleri ushın arnalǵan bolıp, onda ádebiyattı oqıtıwdıń eń áhmiyetli máseleleri, sonıń ishinde kórkem shıǵarmanı tallaw, kórkem shıǵarmalardı janrlıq ózgesheligine qarap úyreniw,